

ABSTRAK SUNDA

Tian Nur Agustiani. 2018. *Studi Rupa-rupa sarta Kaleuyaan Arthropoda di Leuweung Pinus Jayagiri Lembang Kabupaten Bandung Barat Pikeun Sumber Balajar Biologi. Diapinging ku Drs. H. Ahmad Mulyadi, M.Pd. salaku pangaping I sarta Drs. Yusuf Ibrahim, M.Pd., M.P. salaku pangaping II.*

*Tujuan panalungtikan ieu pikeun meunangkeun data ngeunaan rupa-rupa sarta kaleuyaan Arthropoda di Leuweung Pinus Jayagiri Lembang Kabupaten Bandung Barat pikeun sumber balajar biologi. Panalungtikan ieu ngagunakeun padika deksriptif. Desain panalungtikan anu dipake nyaeta "Belt-transek" panjangna 100 meter anu diwangun ku lima stasiun, jarak sewang-sewang stasiun nyaeta 25 meter. Sewang-sewang stasiun diwangun genep kuadrat, jarak sewang-sewang kuadrat nyaeta 20 meter. nyuplik conto kalawan padika "Pitfall Trap", "Insect net", "Hand Sorting", sarta pengapungan. Dihasilkeun data saloba 943 sato Arthropoda anu kaasup kana 5 kelas, 20 ordo, 62 famili, 95 genus, sarta 105 spésiés. Data pangrojong anu diukur nyaeta faktor klimatik ngawengku suhu hawa, kelembapan hawa, intensitas cahaya, suhu taneuh, kelembapan taneuh, sarta pH taneuh. Data pangrojong diitung ngagunakeun "Regresi Linier Berganda" dina program IBM SPSS pikeun mikanyaho pangaruh faktor klimatik kana rupa-rupa sarta kaleuyaan Arthropoda. Peunteun kaleuyaan spésiés pangluhurna dina spésiés *Lasius flavus* (Hymenoptera: Formicidae) nyaeta sagede 124 individu/m². Rata-rata peunteun Indeks Rupa-rupa sagede 3,00, nembongkeun yen rupa-rupa Arthropoda di leuweung pinus Jayagiri Lembang Kabupaten Bandung Barat kaasup kana kategori sedeng.*

Kecap kunci: *Rupa-rupa, Kaleuyaan, Arthropoda, Lasius flavus*